



KIT ZOUTI

**KÒMAN POU FÒME EPI RESPONSABLIZE MOUN
POU FÈ TÈS DEPISTAJ POU KANSÈ**

POUKISA TÈS DEPISTAJ KANSÈ ENPÒTAN?

Dapre Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society), apeprè 609820 Ameriken riske mouri nan kansè nan ane 2023.¹

SEMÈN DEPISTAJ KANSÈ se yon inisyativ sante piblik Genentech te fonde, Sosyete Ameriken pou Kansè, Stand Up To Cancer ak Optum pou ogmante sansibilizasyon sou avantaj tès depistaj kansè regilye yo. Inisyativ sa a fèt chak ane nan tout peyi a pandan tout premye semèn mwa Desanm nan ak efò kolaborasyon konpayi asirans yo, patwon yo, founisè swen sante yo, defansè yo ak òganizasyon pwofesyonèl yo pou favorize sansibilizasyon epi pran desizyon anrapò ak tès depistaj.

Dapre Sosyete Ameriken pou Kansè, fè tès depistaj regilye yo esansyèl pou detekte kansè bonè epi pran kontwòl sante w.¹

ESKE W TE KONNEN?

Detekte kansè byen bonè grasa tès depistaj ka ede **diminye lanmò** akòz kansè nan kolon, nan tete, nan kòl matris, nan poumon (kay moun ki te konn fimen anpil) ak kansè pwostat.¹

– Sosyete Ameriken pou Kansè

Inisyativ sa a ap chèche ogmante tès depistaj kansè regilye yo pou detekte kèk kansè byen bonè, lè li ka pi fasil pou yo trete. Asirans ka kouvri anpil nan tès depistaj yo. Kontakte konpayi asirans ou a pou tout tès yo rekòmande yo.

Semèn depistaj kansè a gen kapasite pou l fè yon gwo enpak sou kominote w ap sèvi yo epi li ka ede amelyore rezilta kansè yo. Nou ankouraje w patisipe epi asosye w ak efò tout moun ap fè pou fè yon diferans nan batay kont kansè a.

KÒMAN MWEN KA PATISIPE

Nou konnen ou jwe yon wòl enpòtan nan sansibilizasyon anrapò ak risk pou kansè yo. Pou ede w fè plis sansibilizasyon sou tès depistaj kansè yo rekòmande yo, nou devlope yon bwat zouti ki fasil pou itilize e ki kapab pèsonalize. Tanpri itilize resous sa yo pou ede edike ak ankouraje moun pou pran desizyon anrapò ak depistaj kansè epi konekte yo ak resous lokal yo. Nou espere zouti sa yo ap pèmèt ou jwenn ak nou pou ranfòse sansibilizasyon sou enpak tès depistaj kansè a epi ankouraje plis moun fè tès depistaj.

Gen plizyè fason pou ankouraje Semèn Depistaj Kansè a epi devlope li nan òganizasyon w nan, tankou itilizasyon mwayen kominikasyon ki egziste deja yo, tankou imèl oswa rezo sosyal, oswa distribye materyèl nan biwo lokal ou a oswa nan evènman oswa seminè sante lokal yo. Nou espere w ap pèsonalize materyèl ki nan bwat zouti sa a pou l ka pi byen adapte ak bezwen òganizasyon w nan.

KI SA W PRAL JWENN NAN BWAT ZOUTI SA A

Ansanm, nou ka ede plis moun sove lavi yo kont kansè. Yon etap fasil pou fè plis sansibilizasyon sou tès depistaj nan rejyon w nan se fè materyèl ki nan bwat zouti yo disponib pou pasyan w yo.

Bwat zouti sa a bay ide sou fason pou itilize materyèl ki nan rezo w la Ou ka chwazi pou itilize tout zouti ki nan bwat la oswa jis kèk dokiman, ki ka telechaje epi ki aksesib sou www.CancerScreenWeek.org/resources. Anba a yo bay yon apèsi sou materyèl ki nan bwat zouti a ak ide sou kòman pou reyalize Semèn Depistaj Kansè a.

- [Fich enfòmasyon sou tès depistaj kansè](#)
- [Kat rapèl randevou](#)
- [Afich](#)
- [Piblisite sou rezo sosyal yo](#)

Tout materyèl ki kapab pèsonalize ak logo òganizasyon w nan oswa kontni

Nou ankouraje w itilize zouti kominikasyon sa yo pou lanse Semèn Depistaj Kansè a epi pou motive kliyan ou yo patisipe.

FICH ENFÒMASYON SOU TÈS DEPISTAJ KANSÈ

Fich enfòmasyon an bay yon apèsi sou Semèn Depistaj Kansè a epi li pataje enfòmasyon ki itil sou kansè moun plis konnen yo ki ka detekte byen bonè grasa tès depistaj. Ou kapab tou aprann plis sou pwogram nan epi gen aksè ak materyèl yo nenpòt lè sou www.CancerScreenWeek.org.



KONSÈY POU UTILIZE:

- Distribye nan deplasman pandan ekspozisyon sanitè oswa nan lòt evènman ki gen rapò ak lasante
- Pou jwen pi bon rezilta, yo ta dwe enprime Fich Enfòmasyon an sou papyè gwo 8.5" x 11". Pou bay yon lòt gwo, tanpri itilize opsyon "diminye pou adapte" pou diminye nan gwo papyè ki apwopriye a.

AFICH

Yo ka bay pasyan yo afich sa a pou sensibilize yo plis sou posiblite anrapò ak tès depistaj kansè yo ansanm ak patisipasyon w nan Semèn Depistaj Kansè a.



KONSÈY POU UTILIZE:

- Ajoute logo enstitisyon w nan epi fè l tounen yon pyès pèsonalize pou distribye bay pasyan yo
- Pou jwen pi bon rezilta, yo ta dwe enprime Fich Enfòmasyon an sou papyè gwo 11" x 17". Pou bay yon lòt gwo, tanpri itilize opsyon "diminye pou adapte" pou diminye nan gwo papyè ki apwopriye a.

KAT RAPÈL RANDEVOU

Kat rapèl randevou a se yon zouti ki itil pou fè moun sonje pou yo pran yon randevou ak doktè yo epi pou yo fè tès depistaj pou kansè yo.



KONSÈY POU UTILIZE:

- Bay pasyan yo vèsyon nimerik yo atravè imel, sit entènèt ou a oswa rezo sosyal yo
- Pou jwen pi bon rezilta, yo ta dwe enprime Kat Rapèl Randevou a sou papye gwosè 7" x 5". Pou bay yon lòt gwosè, tanpri itilize opsyon "diminye pou adapte" pou diminye nan gwosè papye ki apwopriye a.

PIBLISITE SOU REZO SOSYAL YO

Semèn Depistaj Kansè pwofite pouvwa rezo sosyal yo pou fè sansibilizasyon ak mobilizasyon konsènan tès depistaj kansè. Nou ankouraje w sèvi ak modèl piblisite sosyal sa yo ak hashtag #CancerScreenWeek pou gaye pawòl la konsènan Semèn Depistaj Kansè sou rezo pwofesyonèl ou a. Bagay ki annapre yo twouve yo nan bwat zouti rezo sosyal yo:

- Egzanp piblisite sou Twitter, Facebook, Instagram ak LinkedIn pou montre patisipasyon w nan Semèn Depistaj Kansè ak efò tout moun ap fè pou sove lavi plismoun kont kansè grasa ak desizyon pou fè tès depistaj bonè a.
- Egzanp piblisite sou Twitter, Facebook, Instagram ak LinkedIn pou pataje ak pasyan yo pou motive yo patisipe epi ankouraje yo aprann plis sou avantaj tès depistaj kansè a kapab genyen pou sove lavi yo.



KONSÈY POU UTILIZE:

- Pataje resous pou Semèn Depistaj Kansè sou rezo sosyal ou yo pandan Semèn Depistaj Kansè a epi ankouraje yo patisipe
- Bay pasyan yo vèsyon nimerik yo atravè imel, sit entènèt pasyan an oswa sou rezo sosyal òganizasyon an pandan Semèn Depistaj Kansè a

LÒT FASON POU GAYE PAWÒL LA KONSÈNAN SEMÈN DEPISTAJ KANSÈ A



DISTRIBISYON MATERYEL

- Veye epi poste dokiman pou pasyan ou yo anvan Semèn Depistaj Kansè a (premye semèn Desanm chak ane)
- Anvizaje ajoute dokiman nan entranèt òganizasyon an oswa sou sit entènèt pasyan ki nan klinik la



EKSPOZISYON SANITÈ

- Kolabore ak patwon yo pou òganize yon ekspozisyon sanitè sou depistaj kansè nan kolaborasyon ak machann pwodui sante lokal yo ak gwoup sipò yo



APÈL POU SENSIBILIZASYON

- Ekspwate kontni kit zouti a pou kreye mesaj ki anrejistre alavans nan men yon reprezantan òganizasyon an pou pataje ak manm yo, epi gen asirans yo pale nan plizyè lang (si sa posib)



REPA AK FÒMASYON/SEMINÈ

- Kolabore ak rezo machann yo nan mache lokal yo pou idantifye yon espesyalis nan domèn medikal pou sèvi kòm oratè nan diskisyon pandan yon repa, fòmasyon oswa seminè
- Ankouraje pasyan ou yo kontakte reprezantan yo genyen ki bay avantaj yo pou ede yo konprann avantaj patikilye yo genyen anrapò ak tès depistaj yo

REFERANS

1. Sosyete Ameriken pou Kansè. Done ak Chif sou Kansè an 2023. Disponib sou: <https://www.cancer.org/content/dam/cancer-org/research/cancer-facts-and-statistics/annual-cancer-facts-and-figures/2023/2023-cancer-facts-and-figures.pdf>. Aksè 9 fevriye 2023.
2. Sosyete Ameriken pou Kansè. Done ak Chif an 2022 sou Prevansyon ak Depistaj Kansè Byen Bonè. Disponib sou: <https://www.cancer.org/content/dam/cancer-org/research/cancer-facts-and-statistics/cancer-prevention-and-early-detection-facts-and-figures/cancer-prevention-and-early-detection-ff-2021-2022.pdf>. Aksè 9 fevriye 2023.